

Opòtinite sèvis pou onore Dr. Martin Luther King, Jr.

12 Janvye 2024

Chè kominote inivèsité,

Semèn pwochèn, n ap selebre lavi ak travay Reveran Doktè Martin Luther King, Jr. Pandan tan defi ak enjistis sosyal yo, Doktè King te mete kò l deyò e li te pale an favè moun ki defavorize yo, e gras ak sa li kite yon eritaj aksyon ak aktivis pou nou imite. Nou ka onore memwa li lè nou renouvle angajman nou anvè travay li ki poko fini an. Nou dwe kontinye fòje yon kominote enklizif ki ap chèche san pran souf ekite ak jistis sou kanpis nou an ak nan sosyete a.

Pou moun k ap chèche opòtinite pou selebre ak onore eritaj Doktè King nan kominote a, pi ba a n ap jwenn evènman ki pwograme nan tout rejyon an:

Pase Men Nan Kou Imanite Nou: Diskisyon nan Okazyon Jou Ferye Doktè Martin Luther King Jr.

Samdi 13 Janvye 2024

Branch PGCMLS-Hyattsville

Sant Kiltirèl Nyumburu: Nan Memwa Doktè Martin Luther King, Jr.

Lendi 15 Janvye 2024

Vityèl/Zoom

Jounen Sèvis Martin Luther King Jr. nan Konte Montgomery

Lendi 15 Janvye 2024

Otèl ak Sant Konferans Bethesda North Marriott

19yèm Edisyon Anyèl Mach ak Parad Pou Lapè Dr Martin Luther King, Jr.

Lendi 15 Janvye 2024

Washington, DC

Jounen Sèvis Martin Luther King Jr. nan LAYC-DC

Madi 16 Janvye 2024

Sant Jenès Latino Ameriken Biding Kaplan

Objektif: Onore Pase a epi Bati yon Bèl Avni pou Nwa yo

Lendi, 22 Fevriye 2024 a 3è pm

Sal Polivalan Nyumburu

Metesou sa, Vil College Park ap òganize pwojeksyon espektak gratis pou timoun nan dat Lendi 15 janvye a, pou selebre lavi Dr King ak kontribisyon lòt vizyonè Afwo Ameriken enpòtan yo.

Dr. Martin Luther King Jr, (9è am ak 10è am) se yon pwodiksyon an solo ki pral fè w dekouvri defansè modèn dwa sivik yo ak fason ewo Ameriken sa te kontribye pou transfòmè sosyete nou an. Pwogram sa eksplòre lavi Doktè King, kòmanse nan anfans li, jiska pwen kilminan karyè li epi pou fini jiska lanmò li ki rive anvan lè.

The Spirit to Overcome (Lespri pou Simonte) (1è pm ak 2è pm) se yon espektak ki swiv premye esklav fi ki debake nan yon bato negriye pou rive sou Michelle Obama, premye Premye Dam Afwo-Ameriken an. Tout fanm koulè te fè fas chak jou ak defi epi lit nan batay la kont prejije, patipri, epi limitasyon sosyal ak politik. Yo te pataje "Lespri pou Simonte" a.

Plas yo limite epi enskripsyon obligatwa, epi **ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt Vil College Park la.**

Finalman, si ou t a renmen sèvi kominote a pandan tout semès prentan an, tanpri panse pou w rantre nan **Terps pou Chanjman.** Pou plis kote ki gen opòtinite volontarya, tanpri vizite **Sèvis 24è sou 24 / 7 jou sou 7.**

Lizay,



Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)



Georgina Dodge, PhD (Doctorate of Philosophae, Doktè Nan Filozofi)

Vis Prezidan pou Divèsite ak Enklizyon

Li (Pwonon feminen)



Patty Perillo

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Li (Pwonon feminen)